**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-салават хуьлийла Iаламех къинхетам беш Дала ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Бусалба вежарий, хIара дуьне вайна мел дезарх, дуьсур долуш ду. Веза-Сийлахьчу Дала хIокху дуьнен чохь даима вахар делла дац цхьанненна а. Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Оха хьол хьалха а** (хIай Мухьаммад) **ца хилийтина адамана даима дахар. Ткъа хьо велча уьш гуттар лаьттар болуш бу-те? Массо дегI валар Iовшур долуш ду. Оха зерха а зуьйш ду шу** (дуьнен чохь) **вуонца а, диканца а. Тхоьга дерзор а ду шу** (тIаккха Оха бекхам бийр бу шуна)**».** *«Аль-Анбияъ», 34-35.*

Валар – дуьненан дахаран чаккхе, эхартан юьхьиг а ю. Дерриг дахар къахьегар, кIадвалар а ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай адам! Баккъалла а, хьо къахьоьгуш ду, хьайн Далла дуьхьал кхетталц** (дика я вон Iамал ярца), **хьо Цунна дуьхьал кхетар ма ду** (айхьа йинчу Iамална бекхам хир бу хьуна – я мела, я Iазап)**».** *«Аль-Иншикъакъ», 6.*

Ткъа эхарт – бекхам баран меттиг ю. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Массо дегI валар Iовшур долуш ду. Баккъалла а, къематдийнахь шуна дIалур ю шайн ял. Жоьжахатина гена а ваьккхина, ялсамане вахийтинарг – и ву декъалхилларг. Дуьненан дахар ма дац Iехаваран хIума бен».** *«Алу Iимран», 185.*

Валарх вада я кIелхьарвала меттиг яц. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Валаран сауьйзу хан йогIур ю бакъонца** (эхартан халонаш бакъеш)**. Иза ду хьо шех** (кхерарна) **уьдуш хилларг».** *«Къаф», 19.* Цуьнан маьIна: **«Хьо миччахь велахь а, хьоьга валар кхочур ду, цунах ведда лелар эрна ду».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Шу шех уьдуш долу и валар шуна дуьхьалкхетар ду. ТIаккха шу дерзор ду къайлах дерг, гучохь дерг а хууш Волчуьнга** (Деле)**. ТIаккха Цо шуна дуьйцур ду аша деш хилларг** (шу Iамалшка хьаьжжина бекхам бийр бу)**».** *«Аль-ДжумуIа», 8.*

Валар хьехор – хьекъал, хьехам а бу. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Марзонаш хедош дерг** (валар) **дуккха хьехаделаш».** *Тирмизи.*

Бусалба стаг валарна герга вахча, цуьнга кхаъ боккхуш къинхетаме маликаш догIу, цуьнга валаран халонах, кошан Iазапах, къематдийнан халонех а ма кхера я бухахь буьсучу доьзална, даьхнина а са ма гатде, олий. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шаьш аьлларш: «Тхан Дела – АллахI ву», цул тIаьхьа нисбелларш – царна тIе** (саоьцучу хенахь) **маликаш дуьссу,** (шаьш олуш): **«Шу кхера ма кхера я гIайгIане ма хила, ялсаманица кхаъ бу шуна, шуна хир ю аьлла чIагIо йина йолчу. Тхо шун гIоьнчий ду-кха дуьненан дахарехь, эхартахь а. Шуна цигахь** (ялсаманехь) **шун догIмашна дезаш дерг, аша сатийсинарг а ду, Гечдеш а, Къинхетам беш а Волчу Делера».** *«Фуссылат», 30-32.*

Цундела вайна тIехь декхар ду, Далла муьтIахь а долуш даха, Дала тоьхна йолу хан тIекхаьчча Цунна муьтIахь а долуш далархьама. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIора умматана тоьхна хан ю. Шена тоьхна хан тIееъча, цхьакIезиг йолчу ханна тIаьхьадуьсур дац иза я хьалха а дер дац иза».** *«Аль-АIраф», 34.*

Дуьнен чохь вай дехачу заманахь вовшашна гIоьнчий, накъостий хилла дIахIитта дезаш хуьлу вай. Бусалба нах вовшийн гIортораш ю. Абу Мусас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Муъма стаг муъма стагана гIишлох терра ву, вовшех чIагIъеш йолчу».** Цо шен пIелгаш чучча дехира. *Бухари, Муслим.*

Ткъа вайна юкъара дIакхелхинчу вешина, йишина хIун накъосталла далур ду вайна. Велларг тIаьххьарчу новкъа воккхуш цунна накъосталла даран некъаш хьахош, Делан дуьхьа долчу ниййатца, вовшахтоьхна ду хIара жайна.

**Валарчу вирзинчунна дан дезарг:**

– валарчу вирзинарг къилбехьа верзийна охьавиллар;

– цунна «Ла́ ила́хIа иллалло́хI» ала дагадаийтар, ницкъ бар доцуш;

Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шайн баларчу бирзинчарна дагадаийта аш «Ла́ ила́хIа иллалло́хI** (кхин дела вац, АллахI воцург)**».** *Муслим.*

МуIаза (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен тIаьххьаре къамел «Ла́**

**ила́хІа иллалло́хІ** (АллахІ воцург кхин дела вац)**» – хилларг, ялсамане гІур ву».** *Абу Давуд, Хьаким.*

– цунна уллохь сурат «Ясин» дешар.

Йасаран кІанта МаІкъила (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шайн баларчу бирзинчарна «Ясин» деша аш».** *Абу Давуд, Насаи, ибн Хьиббан.*

**Веллачунна дан дезарг:**

– доІа дар;

Умму Саламата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна шена, аьлла: **«Цхьа а лай ма вац, шега сингаттам беача ша олуш: *«Инна́ лилла́хІи ва инна́ илайхІи ро́жиІу́на. Алло́хІуммаъжурни́ фи́ мусы́бати́, вахлуф ли́ хойран минхІа́».*** *Муслим.*

Абу Мусас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Лайн бер делча, Веза-Сийлахьчу Дала шен маликашка олу: «Сан лайн беран са ийци аш?»** Цара олу: **«Ийци».** ТІаккха цо олу: **«Цуьнан деган стом дІаийци аша?»** Цара олу: **«Ийци».** ТІаккха цо олу: **«Сан лайно хІун эли?»** Цара олу: **«Хьуна хастам би цо, инна́ лилла́хІи ва инна́ илайхІи ро́жиІу́на** (баккъалла а, вай АллахІан долахь ду, вай (деллачул тІаьхьа) Цуьнга доьрзур ду) **эли цо»**. ТІаккха Веза-Сийлахьчу Дала олу: **«Аш сан лена ялсаманехь цІа догІа, аш цунна *«Хастам баран цІа»* алий цІе а тилла».** *Тирмизи.*

– веллачун бІаьргаш дІакъовлар;

Умму Саламата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Абу Саламат волчу вахара, цуьнан бІаьргаш гІаьттина а болуш. Цуьнан бІаьргаш дІакъевлира цо, цул тІаьхьа элира: **«Баккъалла а, са дІаэцча, бІаьрг цунна тІаьхьа хьожу».** Цуьнан (веллачун) цІийнах болчу наха маьхьарий хьаькхира, тІаккха цо (Пайхамара) элира: **«Аш шайна диканиг бен ма дехалаш, баккъалла а, маликаша «а́ми́н» олу аш олучунна».** ТІаккха цо элира: **«ХІай АллахІ, Абу Саламатана гечдехьа, иза нийса новкъа нисбеллачеран дарже кхачавехьа, цуьнан бухахь бисинчу доьзалан доладехьа. Тхуна а, цунна а гечдехьа, хІай Іаламан Дела, шен кошахь цунна паргІато ехьа, цунна цу чохь нур а дехьа».** *Муслим.*

– бага дIа а къевлина, чIенга дIаехкар;

– дегIан хуттургаш кIадйар;

– тIера бедарш дIа а яхна, дерриге дегI юткъачу шаршунца дIахьулдар;

– гай тIе езо хIума йиллар, иза деста ца дестийта;

– когаш къилбехьа болуш охьавиллар.

**Стаг веллачул тIаьхьа, диъ хIума дар фарз хилла тIедужу цуьнан верасашна, нагахь уьш бацахь – кхиболчу бусалба нахана:**

1. Лийчавар;
2. Марчо хьарчор;
3. Докъан ламаз дар;
4. Каш а даьккхина, дIаволлар.

## Велларг лийчавар

Велларг лийчоран важиб болу барам – веллачун дегIа тIера нажас дIа а яьккхина, цуьнан дерриге дегIа тIе цкъа хи кхачийтар ду. Дакъа лийчош волчо ниййат дар важиб дац. Билгалдаккха деза, стаг стага лийчо веза, зуда зудчо лийчо еза.

## Велларг лийчош лардан деза суннаташ:

– цуьнга ламаз эцийтар;

– кхузза лийчавар;

– саба я шампунь хьокхуш лийчавар;
Нагахь лийчийна ваьллачул тIаьхьа нажас гучуялахь, нажас дIаяккхар важиб ду, юха лийчавар важиб дац.

– веллачуьнгахь шена гина долу сакхт хьеха ца дар. Абу РафиIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Велла стаг лийчийнарг, шена цуьнгахь гина дерг хьул а деш, АллахIа шовзткъазза гечдийр ду цунна».** *Хьаким.*

## Марчо хьарчадар

Марчо хьарчорехь важиб болу барам – дерриге дегI хьулдеш кIади хьарчадар ду. Амма кхоъ чкъор марчо хьарчадар суннат ду. Зударшна пхиъ чкъор хьарчадар дезох ду. Марчонна хьарчош долу кIади кIайн хилар суннат

ду. Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **Йеменера Сахьул олучу меттигера бамбин кІадих долу кІайн кхо чкъор хьарчийра марчонна, царна юккъехь я коч а, я чалба а йоцуш».** *Бухари, Муслим.*

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шайн бедарех кІайн бос берг юха, баккъалла а, уьш шун бедарех диканаш ю; царна юкъа дІахьарчабе шайн белларш».** *Ахьмад, Абу Давуд, Тирмизи, ибн МажахІ.*

Марчо хьарчадале хьалха бамбеш бохкур бу: бага, мераІуьргаш чу, лергаш чу, бІаьргаш тІе, бехке меттигашна тІе, пхьаьрсан кІелошна, куьйгийн, когийн а пІелгашна юккъе а. Марчо хьарчийна ваьлча, кхаа меттехь дІадоьхкур ду и: коьртана лакхахь; гІодаюккъехь; когашна лахахь.

## Докъан ламаз

Докъан ламаз дар фарз-кифаят долуш, деза Іибадат ду. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Веллачу стагана докъан ламаз даллац цуьнан тезетахь Іийначунна къиротІ ю, ткъа и дІаволлалц кешнашкахь Іийначунна шиъ къиротІ ю».** Цхьамма хьаьттира: **«Шиъ къиротІ хІун ю?»** Цо жоп делира: **«Боккхачу шина ломах терра** (йоккха ял) **ю».** *Бухари, Муслим.*

## ЖамІатехь докъан ламаз даран кеп

Имамо ламаз дихкинчул тІаьхьа, цунна тІаьхьа хІоьттинчо докъан ламазан ниййат иштта дийр ду: **«Ас ниййат ди, Делан дуьхьа, хІокху веллачунна** (еллачунна) **докъан ламаз дан жамІатца, имамана тІаьхьа хІоьттина»** – аьлла. Нагахь санна белларш дуккха белахь, имама ниййат дийр ду докъан ламаз дечарна докъан ламаз дан. Докъан ламаз, доьазза Аллóхіу акбар аларца, ирахь лаьтташ деш ду.

Хьалхара Аллóхіу акбар имамал тІаьхьа ламазан ниййат деш олу. Ши куьг белшел лакха доккхуш, цунна тІаьххье меллаша (шена хезачу барамехь) Аллóхіу акбар олуш, куьйгаш некха тІе дехкина, ирахь волуш ***«АІýзу биллáхІи минашшайтІóниррожúм»*** эр ду, цул тІаьхьа ***«Фáтихьа»*** доьшур ду.

Имамо шозлагІа ***«Алло́хІу акбар»*** аьлча, хьалха санна ши куьг белшел лакха доккхуш, цунна тІаьххье меллаша ***«Алло́хІу акбар»*** олуш, куьйгаш некха тІе дехкина, ирахь волуш Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават дуьллур ду: **«Алло́хІумма солли Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммад** (ХІай АллахІ, Мухьаммадах къинхетам бехьа, цуьнан охІланах а къинхетам бехьа)**».**

Дезох дерг «ИбрахІиман салават» диллар ду: **«Алло́хІумма солли Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммадин кама́ соллайта Іала́ Ибро́хІи́ма ва Іала́ а́ли Ибро́хІи́ма, ва ба́рик Іала́ Мухьаммадив-ва Іала́ а́ли Мухьаммадин кама́ ба́рокта Іала́ Ибро́хІи́ма, ва Іала́ а́ли Ибро́хІи́ма филь-Іа́лами́на, иннака хьами́думмажи́д** (Я АллахІ, Мухьаммадах, Мухьаммадан доьзалх а къинхетам бехьа, Айхьа ИбрахІимах, ИбрахІиман доьзалх а къинхетам ма-барра; Мухьаммадна, Мухьаммадан доьзална а беркат дехьа, Айхьа ИбрахІимна, ИбрахІиман доьзална а беркат ма-дарра хІокху Іаламашкахь. Баккъалла а, Хьо Хастаме, Сийлахь ву)**».**

Имамо кхозлагІа ***«Алло́хІу акбар»*** аьлча, цунна тІаьххье ***«Алло́хІу акбар»*** олуш, веллачунна а, бусалба нахана а доІа дийр ду: **«Алло́хІумагІфир лихьаййина́ ва маййитина́, ва согІи́рина́ ва каби́рина́, ва закарина́ ва унса́на́, ва ша́хІидина́ ва гІо́ибина́. Алло́хІумма ман ахьйайтахІу минна́ фа ахьйихІи Іалал-Исла́ми, ва ман таваффайтахІу минна́ фа таваффахІу Іалал-и́мани** (ХІай АллахІ, Ахь гечдехьа тхан дийна болчарна а, беллачарна а, кегийчарна а, баккхийчарна а, божаршна а, зударшна а, цІахь болчарна а, цІахь боцчарна а. ХІай АллахІ, Ахь тхох дийна витинарг – иза Ислам тІехь вахавехьа, Ахь тхох дІакхалхийнарг – иза иймanчохь дІакхалхавехьа)**».** И доІа дан ца хуучо: **«Алло́хІуммагІфир лахІу, вархьамхІу** (Я АллахІ, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах)**», -** эр ду.

Елларг зуда елахь: **«Алло́хІуммагІфир лахІа́, вархьамхІа́** (Я АллахІ, гечдехьа цунна, къинхетам бехьа цунах)**», -** эр ду.

Белларш дуккха белахь: **«Алло́хІуммагІфир лахІум, вархьамхІум** (Я АллахІ, гечдехьа царна, къинхетам бехьа царах)**», -** эр ду.

Делларг бер делахь: **«Алло́хІуммажІальхІу фаротІон лиабавайхІи, ва салафан ва ажрон», -** эр ду.

Я дехха доIа дийр ду: **«Аллóх1уммажIальхIу фаротIон лиабавайхIи ва салафан ва зухрон ва Iизотан ваIтибáрон ва шафиIан ва саккъиль бихIи мавáзúнахIумá, ва афригIис-собра Iалá къулýбихIимá** (Я АллахI, хIара шен дена, нанна а эхартахь бух кечбан хьалхадаьлла хилийтахьа, цаьршинна цунах кхане а ехьа, хьехам, тергам а хилийтахьа, шен дехаран жоп луш волу шапаIатан да а вехьа. Я АллахI, хIара бахьана долуш цаьршиннан диканаш узу терза даздехьа, цаьршиннан дегнаш собарх а дузахьа)**».**

ДоьалгIа ***«Аллóх1у акбар»*** аьлча, хIара доIа дийр ду: **«Аллóх1умма лá тахьримнá ажрохIу ва лá тафтиннá баIдахIу, вагIфир ланá ва лахIу** (ХIай АллахI, хIокху веллачунна хуьлучу мелах ма дахахьа тхо, цул тIаьхьа вуон ма гайтахьа тхуна, тхуна а, цунна а гечдехьа)**».** И доIа дан ца хуучо: **«Аллóх1уммагIфир лахIу, вархьамхIу», -** эр ду.

ТIаккха, имамо деллачул тIаьхьа салам делла, цул тIаьхьа доIа дийр ду. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шаьш веллачунна докъан ламаз дечу хенахь, цунна даггара доIа делаш»**. *Абу Давуд.*

**Докъан ламаз деш берш дуккха хилар, магIарш кхоъ я цул сов бар суннат хилар**

Iáишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а велларг ма вац, шена тIехь бусалба нахах цхьана тобано ламаз деш, уьш бIене кхочуш болуш, уьш массо а цунна шапаIат доьхуш** (диканца доIа деш) **а болуш, цуьнгахь царна шапаIат дина** (цара дехнарг делла) **бен».** *Муслим.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг вац ша леш, шена докъан ламазна шовзткъа стаг дIахIуттуш, АллахIца шаьш накъост а ца веш, АллахIа царна цуьнгахь шапаIат деш бен** (цара дехнарг луш бен)**».** *Муслим.*

IабдуллахIан кIанта Марсада дийцина: «ХIубайратан кIанта Малика (Дела реза хуьлда цунна) ша докъан ламаз дечу хенахь шена ламазехь нах кIезиг байча, царах кхоъ могIа бира, тIаккха цо элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шена кхаа могIано докъан**

**ламаз диначунна, баккъалла а, важиб хилла** (ялсамане)**».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

### Дакъа дIадолла сихо яр

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Дакъа дIадахьа сихо е аша. Нагахь иза** (велларг) **дика хиллехь, тIаккха диканна тIе вохьуш ву аш иза. Нагахь иза иштта ца хиллехь, тIаккха вуон ду аш шайн вортанаш тIера охьадуьллуш».** *Бухари, Муслим.*

Абу СаIи́да аль-Худрис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: **«Дакъа кечдина охьадиллича, иза божарша шен вортанашна тIехь дIа а даьхьча, нагахь санна иза дика хиллехь цо олу: *«Сихха дIакхачадейша со».* Нагахь санна иза дика ца хиллехь, цо олу: *«ХIай дакъазалла, хIара стенга хьуш ду аш?!»* Цуьнан аз адам доцчунна массо хIуманна хеза. Нагахь санна адамана и хезча, адам кхетамах даьлла охьадужур дара».** *Бухари.*

### Веллачунна тоьшалла дар

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена вуон тоьшалла а деш, тIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Важиб хили».** ТIаккха ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«ХIун ду важиб хилларг?»** Цо элира: **«ХIара дикачуьнца хастийра аш, цунна ялсамани важиб хили-кха, хIара вуочу агIор вийцира аш, цунна жоьжахати важиб хили-кха, шу АллахIан тешаш ду-кх лаьтта тIехь».** *Бухари, Муслим.*

Абу аль-Асвада Дуалис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Со Мадинате веара, ХаттIабан кIантаца Iумарца (Дела реза хуьлда цунна) цхьаьна охьахиира со. Велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлда цунна) юха а элира: **«Важиб хили».** Цул тIаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дIавигира, наха шена вуон тоьшалла а деш. ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлда цунна) юха а элира: **«Важиб хили».** Абу аль-Асвада элира: «Ас хаьттира: **«ХIун ду важиб хилларг, хIай бусалба нехан паччахь?»** Цо жоп делира: «Ас элира Пайхамара (Делера салам-маршалла

хуьлда цунна) ма-аллара: **«Веа стага шена диканца тоьшалла дина бусалба стаг Дала ялсамане вохуьйтур ву».** Оха хьаьттира: **«Ткъа кхаа стага тоьшалла динарг?»** Цо элира: **«Кхаа стага тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Оха хьаьттира: **«Ткъа шимма тоьшалла динарг?»** Цо элира: **«Шимма тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Цул тӀаьхьа оха цуьнга ца хьаьттира цхьана стага шена тоьшалла динчух лаьцна». *Бухари.*

### Веллачунна тӀера декхар дӀадалар

Іамран кӀанта ІабдуллахӀа (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахӀа гечдо гӀазотехь кхелхинчунна массо хӀума,** (нехан) **декхар доцург».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стеган са цунна тӀехь долу декхар бахьанехь сацийна латтош хуьлу, цунна тӀера иза дӀатаккхалц».** *Тирмизи.*

Джабира (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Тхох *(асхьабех)* цхьаъ кхелхинчу хенахь, цуьнан дакъа лийча а дина, хаза хьожа йогӀург а хьаькхна, марчо а хьарчийна, цул тӀаьхьа и дакъа а дохьуш Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тӀе даьхкира тхо. Оха цуьнга дийхира докъан ламаз дар. Масех гӀулч а яьккхина, цул тӀаьхьа цо хьаьттира: **«Декхар дуй цунна тӀехь?»** Оха жоп делира: **«Ши динар ду».** Таккха иза юьстахвелира (велларг декхарийлахь вуйла хиъча). ТӀаккха и ши динар дӀатакха шена тӀелецира Абу Къатадата (Дела реза хуьлда цунна). Цул тӀаьхьа юха а Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тӀедахара тхо. Абу Къатадата (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«И ши динар дӀатакха сайна тӀелоцу аса».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьаьттира: **«Хьо декхаре а воьдуш, велларг цуьнах хьалха а волуш, деш дуй ахьа иза?»** Цо жоп делира: **«Ду».** ТӀаккха цунна докъан ламаз дира цо». *Ахьмад, Абу Давуд, Насаи.*

### Веллачунна тӀехь, мохь хьекхар, тийжар а доцуш, велха магар

Стаг веллачохь белхарх хӀума дац, тийжар а, мохь хьекхар а, тӀера бедарш этӀор а ца хилчахьана.

Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цомгуш волчу Іубадатан кӀантана СаӀдана тӀехӀотта вахара, шеца Іавфан кӀант Іабдуррохьман, Абу Ваккъасан

кIант СаIд а, МасIудан кIант IабдуллахI а (Дела реза хуьлда царна) волуш. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вилхира. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) велхар нахана гинчу хенахь, уьш а билхира. Цо элира: **«Шу хезаш дуй? Баккъалла а, АллахIа Iазап ца ло бIаьрхишна я дог гIайгIане хиларна а, амма хIара бахьана долуш Цо Iазап ло я къинхетам бо».** Цо шен матта тIе ишар йира». *Бухари, Муслим.*

Зайдан кIанта Усамата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кара дIавелира цуьнан йоьIан кIант, иза валарна саийзош а волуш, тIаккха Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ши бIаьрг хих буьзира. СаIда цуьнга элира: **«ХIара хIун ду** (хьо хIунда воьлху)**, хIай Делан Элча?»** Цо элира: **«ХIара къинхетам бу, Веза-Сийлахьчу Дала Шен лен дегнашкахь бина болу. Баккъалла а, АллахIа къинхетам бо Шен лех къинхетаме болчарах».** *Бухари, Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чу вахара, шен кIант ИбрахIим волчу, иза тIаьххьара садоккхуш, леш волуш, тIаккха Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бIаьргех хи делира. Iавфан кIанта Iабдуррохьмана цуьнга элира: **«Хьо а** (воьлху)**, хIай Делан Элча?»** ТIаккха цо элира: **«ХIай Iавфан кIант, баккъалла а, иза къинхетам бу».** Цул тIаьхьа шозлагIа элира цо иза. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, бIаьрг боьлху, дог гIайгIане хуьлу, вайна Дела реза веш дерг бен вай эра-м дац. Баккъалла а, тхо хьох къастарна гIайгIане ду, хIай ИбрахIим».** *Бухари.*

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **йоI дIаюллучохь дакъалоцуш дара тхо. Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **цуьнан кошана уллохь охьахиъна вара, цуьнан бIаьргех оьхуш хиш гира суна».** *Бухари.*

Умм IатIыййас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **тхоьгара чIагIо ийцира – беллачарна тIаьхьа оха тийжамаш ца барна тIехь».** *Бухари, Муслим.*

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Вайх** (вайн некъа тIехь) **вац шен бетах тIараш деттарг, бедарийн чет этIош верг а,** (цхьа бохам хилча) **жехIил хенахь санна** (тийжаш) **кхойкхуш верг а».** *Бухари, Муслим.*

## Велларг кешнашка дӀавахьар

Салима дийцина, шен дас ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлда цунна) элира аьлла: **«Суна гина, Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), **Абу Бакар а, Ӏумар а барамна хьалха бовлий** (кешнашка) **боьлхуш».** *Ахьмад, Абу Давуд, Тирмизи.*

Абу СаӀида (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шайна велларг дӀахьош барам гича – хьалагӀовтта шу. Амма цунна тӀаьхьахӀоьттина ваханарг барам лаьтта охьабиллалц охьа ма хоийла».** *Бухари, Муслим.*

Умму ӀатӀыййата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Тхуна** (зударшна) **дихкина дара докъана тӀаьхьа кешнашка дахар, тӀехдаькххина чӀагӀдина-м дацара тхуна и».** *Бухари, Муслим.*

## Велларг дӀаволлар

Кошан важиб болу барам – веллачун хьожа хьалаер йоцчу я акхарой ахкарца тӀекхачалур йоцчу барамехь каш кӀорга хилар ду. Кошан суннат болу барам – стаг нийса хьаланисвелла, цо шен ши куьг хьаладахийтаран барамехь каш кӀорга хилар ду.

ДӀавуллуш волу стаг лахьти чу вуьллур ву, юьхь къилбехьа а йолуш. Коша чу вуьллуш, корта хьалха а болуш, къинхетамца, леррина чуозор ву, **«бисмилла́хӀи, ва Ӏала́ миллати росу́лилла́хӀ»** а олуш.

Абу Исхьакъа дийцина: «Йази́дан кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлда цунна) велларг кошахь когаш хинболчу агӀорхула (корта хьалха а болуш) коша а озийна, элира: **«Суннатехь дерг хӀара ду».** *Абу Дауд.*

Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира аьлла: **«Шаьш белларш коша бохкучу хенахь ала: «Бисмилла́хӀи, ва Ӏала́ миллати росу́лилла́хӀ** (АллахӀан цӀарца, АллахӀан элчанан некъаца догӀуш долчуьнца а)**».** *Ахьмад, Абу Давуд.*

Велларг лахьти чохь дӀанисвийр ву, цуьнан аьтту агӀо бухахь а болуш. Марчо дӀадихкина бехчалгаш дӀайостур ю. Веллачун аьтту бесни гучу а яьккхина, лаьтта тӀе охьаюьллур ю. Цул тӀаьхьа яттазчу кибарчигашца я упханашца лахьта дӀакъовлур ду.

Абу Ваккъасан кIанта СаIда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Сан кошахь лахьта даккхалаш суна. Яттазчу кибарчигашца сан лахьта дIакъовлалаш - Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **мадарра».** *Муслим.*

**ДIавоьллинчул тIаьхьа веллачунна доIа дар, сохьтехь цуьнан коша юххехь цунна доIа дан а, гечдар деха а, Къуръан деша а охьахаар**

Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), велларг дIавоьллина ша паргIатваьлча, цунна тIехь олура: **«Шайн вешина гечдар а, жоьпехь нисвар а дехалаш, баккъалла а, хIинца цуьнга барт хоттуш бу».** *Абу Давуд.*

Iасан кIанта Iамра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Аш со дIавоьллича, шу совцалаш сан кошана гонах - эмкална урс а хьаькхна, цуьнан жижиг дIадекъа оьшучу хенан барамехь - сан шух самукъа дала а, суна хаа а хаа, стенца жоп ло ас сайн Делан геланчашна».** *Муслим.*

Имам ШафиIис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Кошана гергахь Къуръанах хIума дешар суннат ду, цара цигахь дерриге Къуръан дешахь – иза дика ду».**

**Зудчо веллачунна кхаа дийнал сов гIайгIа лелаяр хьарам хилар, шен майрачунна тIехь - биъ бутт итт де доцург**

Абу Саламатан йоIа Зайнаба (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хIусамнана Умму Хьаби́бат (Дела реза хуьлда цунна) йолчу яхара со, цуьнан да Хьарбан кIант Абусуфьян (Дела реза хуьлда цунна) кхелхинчу хенахь. Цо схьайийхира шена чохь можа IатIар долу хIума, гIарбашна тIехьаькхира цо цунах, тIаккха шен шина беснех хьаькхира, цул тIаьхьа цо элира: «АллахIах дуй буу ас, IатIар оьшучохь ма дацара сан гIуллакх, амма мимбара тIехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна ма ю со: **«Делах а, къематдийнах а тешаш йолчу зудчунна хьанала ма дац веллачунна тIаьхьа кхаа буьйсанал сов гIайгIа лелаяр, шен майрачунна тIаьхьа болу биъ бутт итт де доцург».** Зайнаба элира: «Цул тIаьхьа Жахьшан йоI Зайнаб (Дела реза хуьлда цунна) йолчу яхара со, цуьнан ваша кхелхинчу хенахь, цо схьадийхира шен IатIар, шена тIехьаькхира цо цунах, тIаккха элира: «АллахIах дуй буу ас, IатIар оьшучохь ма дацара сан гIуллакх, амма мимбара тIехь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна ма ю со: **«Делах а, къематдийнах а тешаш йолчу зудчунна хьанала**

**ма дац веллачунна тIаьхьа кхаа буьйсанал сов гIайгIа лелаяр, шен майрачунна тIаьхьа болу биъ бутт итт де доцург».** *Бухари, Муслим.*

**Веллачунна тIера сагIа далар, цунна доIа дар а**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Тхан Дела, гечдехьа тхуна а, ийман дилларца тхол хьалхабевллачу тхан вежаршна а».** *«Аль-Хьашр», 10.*

Iáишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Сан ненан цIеххьана ялар хилла. Шен йистхила аьтту баьллехьара, сагIа даккха аьлла цо весет дийр дара аьлла хета суна. Ас цунна тIера сагIа даьккхича, цунна ял хир юй?»** Цо жоп делира: **«Хир ю».** *Бухари, Муслим.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Iубадатан кIентан СаIдан (Дела реза хуьлда цунна) нана, иза цIахь а воцуш, еллера аьлла. ТIаккха Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу а веана, цо хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, баккъалла а, со цIахь а воцуш нана елла сан, аса цунна тIера сагIа лахь, цо цунна пайда бийр буй?»** Цо жоп делира: **«ХIаъ, бийр бу».** Iубадатан кIанта СаIда (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, ас хьо теш лоцу, сан стом латош йолу беш ас цунна тIера сагIийна дIаяларна тIехь».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Адам делча, цуьнан Iамал дIахеда, кхо хIума доцург: лелаш долу сагIа я шех пайда оьцуш долу Iилма, я цунна доIа деш волу дика доьзалхо».** *Муслим.*

**Кешнашка вахар, цигахь доIа дар**

Бурайдата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ас шуна дихкинера кешнашка дахар, ткъа хIинца дуьйна гIо шу цига».** *Муслим.*

Тирмизис далийначу хьадисехь оцунна тIе тоьхна: **«…хIунда аьлча цара шуна эхарт дагадоуьйту».**

Бурайдата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) царна (асхьабашна) Iамадора, уьш кешнашка бахча, царах олуш волчунга алийта: **«Ассалáму Iалайкум ахIладдийáри миналь-муъминúна валь-муслимúн, ва иннá ин шáаллóхIу бикум лáхьикъýн. АсъалуллóхIа ланá ва лакумуль-Iáфийата** (Салам хуьлда

шуна, ийман диллинчеран, бусалба нехан а кешнийн охIла; баккъалла а, нагахь АллахIна лаахь, тхо шух дIакхетар ду. АллахIе доьху аса тхой, шуй маьрша дитар)». *Муслим.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша Мединатахь долчу кешнашна уллохула тIехволуш, царна тIе а вирзина, элира: **«Ассала́му Iалайкум йиа́ ахIлал-къубу́ри, йагIфируллóхIу лана́ ва лакум. Антум салафуна́ ва нахьну биль-асари** (Салам хуьлда шуна, хIай кешнийн охIла, АллахIа гечдойла тхуна а, шуна а. Шу тхол хьалхадевлла, тхо шуна тIаьххье догIуш ду)»**.** *Тирмизи.*

**بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ**

زَعَمَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنْ لَنْ يُبْعَثُوا، قُلْ بَلَى وَرَبِّي لَتُبْعَثُنَّ ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلْتُمْ وَذَلِكَ عَلَى اللهِ يَسِيرٌ. الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِى هَدَانَا لِلْإِيمَانِ وَالْإِسْلَامِ وَشَرَّفَنَا بِرَسُولِهِ مُحَمَّدٍ عَلَيْهِ أَفْضَلُ الصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ، ثُمَّ السَّلَامُ عَلَيْكَ (عَلَيْكِ) يَا عَبْدَ اللهِ (يَا أَمَةَ اللهِ) ابْنَ (ابْنَةَ) أَمَةِ اللهِ الْكَرِيمِ، أُذْكُرْ (أُذْكُرِي) مَا خَرَجْتَ (مَا خَرَجْتِ) عَلَيْهِ مِنْ دَارِ الدُّنْيَا إِلَى دَارِ الْآخِرَةِ، وَهِىَ كَلِمَةُ الشَّهَادَةِ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ تَعَالَى عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَأَنَّ الْجَنَّةَ حَقٌّ وَأَنَّ النَّارَ حَقٌّ وَأَنَّ الْبَعْثَ حَقٌّ وَأَنَّ الْحِسَابَ حَقٌّ وَأَنَّ الْمِيزَانَ حَقٌّ وَأَنَّ السَّاعَةَ آتِيَةٌ لَا رَيْبَ فِيهَا وَأَنَّ اللهَ يَبْعَثُ مَنْ فِي الْقُبُورِ، وَأَنَّكَ (أَنَّكِ) رَضِيتَ (رَضِيتِ) بِاللهِ تَعَالَى رَبًّا وَبِالْإِسْلَامِ دِينًا وَبِمُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ تَعَالَى عَلَيْهِ وَسَلَّمَ نَبِيًّا وَرَسُولًا، وَبِالْقُرْآنِ إِمَامًا وَبِالْكَعْبَةِ قِبْلَةً وَبِالصَّلَاةِ وَالصَّوْمِ وَالزَّكَاةِ وَالْحَجِّ فَرِيضَةً، وَبِالْمُؤْمِنِينَ إِخْوَانًا وَبِالْمُؤْمِنَاتِ أَخَوَاتٍ، ثَبَّتَكَ (ثَبَّتَكِ) اللهُ بِالْقَوْلِ الثَّابِتِ – 3

يُثَبِّتُ اللهُ الَّذِينَ آمَنُوا بِالْقَوْلِ الثَّابِتِ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَفِي الْآخِرَةِ وَيُضِلُّ اللهُ الظَّالِمِينَ وَيَفْعَلُ اللهُ مَا يَشَاءُ وَيَحْكُمُ مَا يُرِيدُ، مِنْهَا خَلَقْنَاكُمْ لِلْأَجْرِ وَالثَّوَابِ وَفِيهَا نُعِيدُكُمْ لِلدُّودِ وَالتُّرَابِ، وَمِنْهَا نُخْرِجُكُمْ لِلْعَرْضِ وَالْحِسَابِ، إِنَّا لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاجِعُونَ فَالْحُكْمُ لِلَّهِ الْعَلِيِّ الْكَبِيرِ، لَقَّنَكَ (لَقَّنَكِ) اللهُ هَذَا الْجَوَابَ وَهَدَاكَ (هَدَاكِ) اللهُ إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ، آمِينْ

**سورة يس**

**بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ**

يس (1) وَالْقُرْآنِ الْحَكِيمِ (2) إِنَّكَ لَمِنَ الْمُرْسَلِينَ (3) عَلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ (4) تَنْزِيلَ الْعَزِيزِ الرَّحِيمِ (5)
لِتُنْذِرَ قَوْمًا مَا أُنْذِرَ آبَاؤُهُمْ فَهُمْ غَافِلُونَ (6) لَقَدْ حَقَّ الْقَوْلُ عَلَى أَكْثَرِهِمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ (7) إِنَّا جَعَلْنَا
فِي أَعْنَاقِهِمْ أَغْلَالًا فَهِيَ إِلَى الْأَذْقَانِ فَهُمْ مُقْمَحُونَ (8) وَجَعَلْنَا مِنْ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ سَدًّا وَمِنْ خَلْفِهِمْ سَدًّا
فَأَغْشَيْنَاهُمْ فَهُمْ لَا يُبْصِرُونَ (9) وَسَوَاءٌ عَلَيْهِمْ أَأَنْذَرْتَهُمْ أَمْ لَمْ تُنْذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ (10) إِنَّمَا تُنْذِرُ مَنِ اتَّبَعَ
الذِّكْرَ وَخَشِيَ الرَّحْمَنَ بِالْغَيْبِ فَبَشِّرْهُ بِمَغْفِرَةٍ وَأَجْرٍ كَرِيمٍ (11) إِنَّا نَحْنُ نُحْيِي الْمَوْتَى وَنَكْتُبُ مَا قَدَّمُوا
وَآثَارَهُمْ وَكُلَّ شَيْءٍ أَحْصَيْنَاهُ فِي إِمَامٍ مُبِينٍ (12) وَاضْرِبْ لَهُمْ مَثَلًا أَصْحَابَ الْقَرْيَةِ إِذْ جَاءَهَا الْمُرْسَلُونَ
(13) إِذْ أَرْسَلْنَا إِلَيْهِمُ اثْنَيْنِ فَكَذَّبُوهُمَا فَعَزَّزْنَا بِثَالِثٍ فَقَالُوا إِنَّا إِلَيْكُمْ مُرْسَلُونَ (14) قَالُوا مَا أَنْتُمْ إِلَّا بَشَرٌ
مِثْلُنَا وَمَا أَنْزَلَ الرَّحْمَنُ مِنْ شَيْءٍ إِنْ أَنْتُمْ إِلَّا تَكْذِبُونَ (15) قَالُوا رَبُّنَا يَعْلَمُ إِنَّا إِلَيْكُمْ لَمُرْسَلُونَ (16) وَمَا
عَلَيْنَا إِلَّا الْبَلَاغُ الْمُبِينُ (17) قَالُوا إِنَّا تَطَيَّرْنَا بِكُمْ لَئِنْ لَمْ تَنْتَهُوا لَنَرْجُمَنَّكُمْ وَلَيَمَسَّنَّكُمْ مِنَّا عَذَابٌ أَلِيمٌ
(18) قَالُوا طَائِرُكُمْ مَعَكُمْ أَئِنْ ذُكِّرْتُمْ بَلْ أَنْتُمْ قَوْمٌ مُسْرِفُونَ (19) وَجَاءَ مِنْ أَقْصَى الْمَدِينَةِ رَجُلٌ يَسْعَى قَالَ
يَا قَوْمِ اتَّبِعُوا الْمُرْسَلِينَ (20) اتَّبِعُوا مَنْ لَا يَسْأَلُكُمْ أَجْرًا وَهُمْ مُهْتَدُونَ (21) وَمَا لِيَ لَا أَعْبُدُ الَّذِي فَطَرَنِي
وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ (22) أَأَتَّخِذُ مِنْ دُونِهِ آلِهَةً إِنْ يُرِدْنِ الرَّحْمَنُ بِضُرٍّ لَا تُغْنِ عَنِّي شَفَاعَتُهُمْ شَيْئًا وَلَا يُنْقِذُونِ
(23) إِنِّي إِذًا لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ (24) إِنِّي آمَنْتُ بِرَبِّكُمْ فَاسْمَعُونِ (25) قِيلَ ادْخُلِ الْجَنَّةَ قَالَ يَا لَيْتَ
قَوْمِي يَعْلَمُونَ (26) بِمَا غَفَرَ لِي رَبِّي وَجَعَلَنِي مِنَ الْمُكْرَمِينَ (27) وَمَا أَنْزَلْنَا عَلَى قَوْمِهِ مِنْ بَعْدِهِ مِنْ
جُنْدٍ مِنَ السَّمَاءِ وَمَا كُنَّا مُنْزِلِينَ (28) إِنْ كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ خَامِدُونَ (29) يَا حَسْرَةً عَلَى
الْعِبَادِ مَا يَأْتِيهِمْ مِنْ رَسُولٍ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ (30) أَلَمْ يَرَوْا كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِنَ الْقُرُونِ أَنَّهُمْ إِلَيْهِمْ
لَا يَرْجِعُونَ (31) وَإِنْ كُلٌّ لَمَّا جَمِيعٌ لَدَيْنَا مُحْضَرُونَ (32) وَآيَةٌ لَهُمُ الْأَرْضُ الْمَيْتَةُ أَحْيَيْنَاهَا وَأَخْرَجْنَا
مِنْهَا حَبًّا فَمِنْهُ يَأْكُلُونَ (33) وَجَعَلْنَا فِيهَا جَنَّاتٍ مِنْ نَخِيلٍ وَأَعْنَابٍ وَفَجَّرْنَا فِيهَا مِنَ الْعُيُونِ (34) لِيَأْكُلُوا
مِنْ ثَمَرِهِ وَمَا عَمِلَتْهُ أَيْدِيهِمْ أَفَلَا يَشْكُرُونَ (35) سُبْحَانَ الَّذِي خَلَقَ الْأَزْوَاجَ كُلَّهَا مِمَّا تُنْبِتُ الْأَرْضُ وَمِنْ
أَنْفُسِهِمْ وَمِمَّا لَا يَعْلَمُونَ (36) وَآيَةٌ لَهُمُ اللَّيْلُ نَسْلَخُ مِنْهُ النَّهَارَ فَإِذَا هُمْ مُظْلِمُونَ (37) وَالشَّمْسُ تَجْرِي
لِمُسْتَقَرٍّ لَهَا ذَلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ (38) وَالْقَمَرَ قَدَّرْنَاهُ مَنَازِلَ حَتَّى عَادَ كَالْعُرْجُونِ الْقَدِيمِ (39) لَا
الشَّمْسُ يَنْبَغِي لَهَا أَنْ تُدْرِكَ الْقَمَرَ وَلَا اللَّيْلُ سَابِقُ النَّهَارِ وَكُلٌّ فِي فَلَكٍ يَسْبَحُونَ (40) وَآيَةٌ لَهُمْ أَنَّا
حَمَلْنَا ذُرِّيَّتَهُمْ فِي الْفُلْكِ الْمَشْحُونِ (41) وَخَلَقْنَا لَهُمْ مِنْ مِثْلِهِ مَا يَرْكَبُونَ (42) وَإِنْ نَشَأْ نُغْرِقْهُمْ فَلَا

صَرِيخَ لَهُمْ وَلَا هُمْ يُنْقَذُونَ (43) إِلَّا رَحْمَةً مِنَّا وَمَتَاعًا إِلَى حِينٍ (44) وَإِذَا قِيلَ لَهُمُ اتَّقُوا مَا بَيْنَ أَيْدِيكُمْ
وَمَا خَلْفَكُمْ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ (45) وَمَا تَأْتِيهِمْ مِنْ آيَةٍ مِنْ آيَاتِ رَبِّهِمْ إِلَّا كَانُوا عَنْهَا مُعْرِضِينَ (46) وَإِذَا
قِيلَ لَهُمْ أَنْفِقُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللهُ قَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا أَنُطْعِمُ مَنْ لَوْ يَشَاءُ اللهُ أَطْعَمَهُ إِنْ أَنْتُمْ إِلَّا
فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ (47) وَيَقُولُونَ مَتَى هَذَا الْوَعْدُ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ (48) مَا يَنْظُرُونَ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً
تَأْخُذُهُمْ وَهُمْ يَخِصِّمُونَ (49) فَلَا يَسْتَطِيعُونَ تَوْصِيَةً وَلَا إِلَى أَهْلِهِمْ يَرْجِعُونَ (50) وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَإِذَا
هُمْ مِنَ الْأَجْدَاثِ إِلَى رَبِّهِمْ يَنْسِلُونَ (51) قَالُوا يَا وَيْلَنَا مَنْ بَعَثَنَا مِنْ مَرْقَدِنَا هَذَا مَا وَعَدَ الرَّحْمَنُ وَصَدَقَ
الْمُرْسَلُونَ (52) إِنْ كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ جَمِيعٌ لَدَيْنَا مُحْضَرُونَ (53) فَالْيَوْمَ لَا تُظْلَمُ نَفْسٌ
شَيْئًا وَلَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ (54) إِنَّ أَصْحَابَ الْجَنَّةِ الْيَوْمَ فِي شُغُلٍ فَاكِهُونَ (55) هُمْ وَأَزْوَاجُهُمْ
فِي ظِلَالٍ عَلَى الْأَرَائِكِ مُتَّكِئُونَ (56) لَهُمْ فِيهَا فَاكِهَةٌ وَلَهُمْ مَا يَدَّعُونَ (57) سَلَامٌ قَوْلًا مِنْ رَبٍّ رَحِيمٍ
(58) وَامْتَازُوا الْيَوْمَ أَيُّهَا الْمُجْرِمُونَ (59) أَلَمْ أَعْهَدْ إِلَيْكُمْ يَا بَنِي آدَمَ أَنْ لَا تَعْبُدُوا الشَّيْطَانَ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ
مُبِينٌ (60) وَأَنِ اعْبُدُونِي هَذَا صِرَاطٌ مُسْتَقِيمٌ (61) وَلَقَدْ أَضَلَّ مِنْكُمْ جِبِلًّا كَثِيرًا أَفَلَمْ تَكُونُوا تَعْقِلُونَ (62)
هَذِهِ جَهَنَّمُ الَّتِي كُنْتُمْ تُوعَدُونَ (63) اصْلَوْهَا الْيَوْمَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُونَ (64) الْيَوْمَ نَخْتِمُ عَلَى أَفْوَاهِهِمْ
وَتُكَلِّمُنَا أَيْدِيهِمْ وَتَشْهَدُ أَرْجُلُهُمْ بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ (65) وَلَوْ نَشَاءُ لَطَمَسْنَا عَلَى أَعْيُنِهِمْ فَاسْتَبَقُوا الصِّرَاطَ
فَأَنَّى يُبْصِرُونَ (66) وَلَوْ نَشَاءُ لَمَسَخْنَاهُمْ عَلَى مَكَانَتِهِمْ فَمَا اسْتَطَاعُوا مُضِيًّا وَلَا يَرْجِعُونَ (67) وَمَنْ
نُعَمِّرْهُ نُنَكِّسْهُ فِي الْخَلْقِ أَفَلَا يَعْقِلُونَ (68) وَمَا عَلَّمْنَاهُ الشِّعْرَ وَمَا يَنْبَغِي لَهُ إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ وَقُرْآنٌ مُبِينٌ
(69) لِيُنْذِرَ مَنْ كَانَ حَيًّا وَيَحِقَّ الْقَوْلُ عَلَى الْكَافِرِينَ (70) أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا خَلَقْنَا لَهُمْ مِمَّا عَمِلَتْ أَيْدِينَا
أَنْعَامًا فَهُمْ لَهَا مَالِكُونَ (71) وَذَلَّلْنَاهَا لَهُمْ فَمِنْهَا رَكُوبُهُمْ وَمِنْهَا يَأْكُلُونَ (72) وَلَهُمْ فِيهَا مَنَافِعُ وَمَشَارِبُ
أَفَلَا يَشْكُرُونَ (73) وَاتَّخَذُوا مِنْ دُونِ اللهِ آلِهَةً لَعَلَّهُمْ يُنْصَرُونَ (74) لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَهُمْ وَهُمْ لَهُمْ جُنْدٌ
مُحْضَرُونَ (75) فَلَا يَحْزُنْكَ قَوْلُهُمْ إِنَّا نَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ (76) أَوَلَمْ يَرَ الْإِنْسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِنْ
نُطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُبِينٌ (77) وَضَرَبَ لَنَا مَثَلًا وَنَسِيَ خَلْقَهُ قَالَ مَنْ يُحْيِي الْعِظَامَ وَهِيَ رَمِيمٌ (78) قُلْ
يُحْيِيهَا الَّذِي أَنْشَأَهَا أَوَّلَ مَرَّةٍ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ (79) الَّذِي جَعَلَ لَكُمْ مِنَ الشَّجَرِ الْأَخْضَرِ نَارًا فَإِذَا
أَنْتُمْ مِنْهُ تُوقِدُونَ (80) أَوَلَيْسَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِقَادِرٍ عَلَى أَنْ يَخْلُقَ مِثْلَهُمْ بَلَى وَهُوَ

الْخَلَّاقُ الْعَلِيمُ (81) إِنَّمَا أَمْرُهُ إِذَا أَرَادَ شَيْئًا أَنْ يَقُولَ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ (82) فَسُبْحَانَ الَّذِي بِيَدِهِ مَلَكُوتُ
كُلِّ شَيْءٍ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ (83)

## سورة السجدة

## بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

الم (1) تَنْزِيلُ الْكِتَابِ لَا رَيْبَ فِيهِ مِنْ رَبِّ الْعَالَمِينَ (2) أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَاهُ بَلْ هُوَ الْحَقُّ مِنْ رَبِّكَ لِتُنْذِرَ
قَوْمًا مَا أَتَاهُمْ مِنْ نَذِيرٍ مِنْ قَبْلِكَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ (3) اللهُ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِي
سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَى عَلَى الْعَرْشِ مَا لَكُمْ مِنْ دُونِهِ مِنْ وَلِيٍّ وَلَا شَفِيعٍ أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ (4) يُدَبِّرُ الْأَمْرَ مِنَ
السَّمَآءِ إِلَى الْأَرْضِ ثُمَّ يَعْرُجُ إِلَيْهِ فِي يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهُ أَلْفَ سَنَةٍ مِمَّا تَعُدُّونَ (5) ذَلِكَ عَالِمُ الْغَيْبِ
وَالشَّهَادَةِ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ (6) الَّذِي أَحْسَنَ كُلَّ شَيْءٍ خَلَقَهُ وَبَدَأَ خَلْقَ الْإِنْسَانِ مِنْ طِينٍ (7) ثُمَّ جَعَلَ نَسْلَهُ
مِنْ سُلَالَةٍ مِنْ مَاءٍ مَهِينٍ (8) ثُمَّ سَوَّاهُ وَنَفَخَ فِيهِ مِنْ رُوحِهِ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ قَلِيلًا مَا
تَشْكُرُونَ (9) وَقَالُوا أَئِذَا ضَلَلْنَا فِي الْأَرْضِ أَئِنَّا لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ بَلْ هُمْ بِلِقَاءِ رَبِّهِمْ كَافِرُونَ (10) قُلْ
يَتَوَفَّاكُمْ مَلَكُ الْمَوْتِ الَّذِي وُكِّلَ بِكُمْ ثُمَّ إِلَى رَبِّكُمْ تُرْجَعُونَ (11) وَلَوْ تَرَى إِذِ الْمُجْرِمُونَ نَاكِسُو رُءُوسِهِمْ
عِنْدَ رَبِّهِمْ رَبَّنَا أَبْصَرْنَا وَسَمِعْنَا فَارْجِعْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا إِنَّا مُوقِنُونَ (12) وَلَوْ شِئْنَا لَآتَيْنَا كُلَّ نَفْسٍ هُدَاهَا
وَلَكِنْ حَقَّ الْقَوْلُ مِنِّي لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ (13) فَذُوقُوا بِمَا نَسِيتُمْ لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هَذَا
إِنَّا نَسِينَاكُمْ وَذُوقُوا عَذَابَ الْخُلْدِ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ (14) إِنَّمَا يُؤْمِنُ بِآيَاتِنَا الَّذِينَ إِذَا ذُكِّرُوا بِهَا خَرُّوا
سُجَّدًا وَسَبَّحُوا بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ (15) تَتَجَافَى جُنُوبُهُمْ عَنِ الْمَضَاجِعِ يَدْعُونَ رَبَّهُمْ خَوْفًا
وَطَمَعًا وَمِمَّا رَزَقْنَاهُمْ يُنْفِقُونَ (16) فَلَا تَعْلَمُ نَفْسٌ مَا أُخْفِيَ لَهُمْ مِنْ قُرَّةِ أَعْيُنٍ جَزَآءً بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ
(17) أَفَمَنْ كَانَ مُؤْمِنًا كَمَنْ كَانَ فَاسِقًا لَا يَسْتَوُونَ (18) أَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَلَهُمْ جَنَّاتُ
الْمَأْوَى نُزُلًا بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ (19) وَأَمَّا الَّذِينَ فَسَقُوا فَمَأْوَاهُمُ النَّارُ كُلَّمَا أَرَادُوا أَنْ يَخْرُجُوا مِنْهَا أُعِيدُوا
فِيهَا وَقِيلَ لَهُمْ ذُوقُوا عَذَابَ النَّارِ الَّذِي كُنْتُمْ بِهِ تُكَذِّبُونَ (20) وَلَنُذِيقَنَّهُمْ مِنَ الْعَذَابِ الْأَدْنَى دُونَ
الْعَذَابِ الْأَكْبَرِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ (21) وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ ذُكِّرَ بِآيَاتِ رَبِّهِ ثُمَّ أَعْرَضَ عَنْهَا إِنَّا مِنَ الْمُجْرِمِينَ
مُنْتَقِمُونَ (22) وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ فَلَا تَكُنْ فِي مِرْيَةٍ مِنْ لِقَائِهِ وَجَعَلْنَاهُ هُدًى لِبَنِي إِسْرَائِيلَ (23)

وَجَعَلْنَا مِنْهُمْ أَئِمَّةً يَهْدُونَ بِأَمْرِنَا لَمَّا صَبَرُوا وَكَانُوا بِآيَاتِنَا يُوقِنُونَ (24) إِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ
الْقِيَامَةِ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ (25) أَوَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِنَ الْقُرُونِ يَمْشُونَ فِي مَسَاكِنِهِمْ
إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ أَفَلَا يَسْمَعُونَ (26) أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا نَسُوقُ الْمَاءَ إِلَى الْأَرْضِ الْجُرُزِ فَنُخْرِجُ بِهِ زَرْعًا تَأْكُلُ
مِنْهُ أَنْعَامُهُمْ وَأَنْفُسُهُمْ أَفَلَا يُبْصِرُونَ (27) وَيَقُولُونَ مَتَى هَذَا الْفَتْحُ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ (28) قُلْ يَوْمَ الْفَتْحِ
لَا يَنْفَعُ الَّذِينَ كَفَرُوا إِيمَانُهُمْ وَلَا هُمْ يُنْظَرُونَ (29) فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَانْتَظِرْ إِنَّهُمْ مُنْتَظِرُونَ (30)

## سورة الملك

## بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

تَبَارَكَ الَّذِي بِيَدِهِ الْمُلْكُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ (1) الَّذِي خَلَقَ الْمَوْتَ وَالْحَيَاةَ لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ
عَمَلًا وَهُوَ الْعَزِيزُ الْغَفُورُ (2) الَّذِي خَلَقَ سَبْعَ سَمَوَاتٍ طِبَاقًا مَا تَرَى فِي خَلْقِ الرَّحْمَنِ مِنْ تَفَاوُتٍ فَارْجِعِ
الْبَصَرَ هَلْ تَرَى مِنْ فُطُورٍ (3) ثُمَّ ارْجِعِ الْبَصَرَ كَرَّتَيْنِ يَنْقَلِبْ إِلَيْكَ الْبَصَرُ خَاسِئًا وَهُوَ حَسِيرٌ (4) وَلَقَدْ
زَيَّنَّا السَّمَاءَ الدُّنْيَا بِمَصَابِيحَ وَجَعَلْنَاهَا رُجُومًا لِلشَّيَاطِينِ وَأَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابَ السَّعِيرِ (5) وَلِلَّذِينَ كَفَرُوا
بِرَبِّهِمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ (6) إِذَا أُلْقُوا فِيهَا سَمِعُوا لَهَا شَهِيقًا وَهِيَ تَفُورُ (7) تَكَادُ تَمَيَّزُ مِنَ
الْغَيْظِ كُلَّمَا أُلْقِيَ فِيهَا فَوْجٌ سَأَلَهُمْ خَزَنَتُهَا أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَذِيرٌ (8) قَالُوا بَلَى قَدْ جَاءَنَا نَذِيرٌ فَكَذَّبْنَا وَقُلْنَا مَا
نَزَّلَ اللهُ مِنْ شَيْءٍ إِنْ أَنْتُمْ إِلَّا فِي ضَلَالٍ كَبِيرٍ (9) وَقَالُوا لَوْ كُنَّا نَسْمَعُ أَوْ نَعْقِلُ مَا كُنَّا فِي أَصْحَابِ
السَّعِيرِ (10) فَاعْتَرَفُوا بِذَنْبِهِمْ فَسُحْقًا لِأَصْحَابِ السَّعِيرِ (11) إِنَّ الَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَيْبِ لَهُمْ مَغْفِرَةٌ
وَأَجْرٌ كَبِيرٌ (12) وَأَسِرُّوا قَوْلَكُمْ أَوِ اجْهَرُوا بِهِ إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ (13) أَلَا يَعْلَمُ مَنْ خَلَقَ وَهُوَ
اللَّطِيفُ الْخَبِيرُ (14) هُوَ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ ذَلُولًا فَامْشُوا فِي مَنَاكِبِهَا وَكُلُوا مِنْ رِزْقِهِ وَإِلَيْهِ النُّشُورُ
(15) أَأَمِنْتُمْ مَنْ فِي السَّمَاءِ أَنْ يَخْسِفَ بِكُمُ الْأَرْضَ فَإِذَا هِيَ تَمُورُ (16) أَمْ أَمِنْتُمْ مَنْ فِي السَّمَاءِ أَنْ
يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا فَسَتَعْلَمُونَ كَيْفَ نَذِيرِ (17) وَلَقَدْ كَذَّبَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ (18)
أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى الطَّيْرِ فَوْقَهُمْ صَافَّاتٍ وَيَقْبِضْنَ مَا يُمْسِكُهُنَّ إِلَّا الرَّحْمَنُ إِنَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ بَصِيرٌ (19) أَمْ مَنْ
هَذَا الَّذِي هُوَ جُنْدٌ لَكُمْ يَنْصُرُكُمْ مِنْ دُونِ الرَّحْمَنِ إِنِ الْكَافِرُونَ إِلَّا فِي غُرُورٍ (20) أَمْ مَنْ هَذَا الَّذِي
يَرْزُقُكُمْ إِنْ أَمْسَكَ رِزْقَهُ بَلْ لَجُّوا فِي عُتُوٍّ وَنُفُورٍ (21) أَفَمَنْ يَمْشِي مُكِبًّا عَلَى وَجْهِهِ أَهْدَى أَمْ مَنْ يَمْشِي

سَوِيًّا عَلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ (22) قُلْ هُوَ الَّذِي أَنْشَأَكُمْ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ قَلِيلًا مَا تَشْكُرُونَ (23) قُلْ هُوَ الَّذِي ذَرَأَكُمْ فِي الْأَرْضِ وَإِلَيْهِ تُحْشَرُونَ (24) وَيَقُولُونَ مَتَى هَذَا الْوَعْدُ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ (25) قُلْ إِنَّمَا الْعِلْمُ عِنْدَ اللهِ وَإِنَّمَا أَنَا نَذِيرٌ مُبِينٌ (26) فَلَمَّا رَأَوْهُ زُلْفَةً سِيئَتْ وُجُوهُ الَّذِينَ كَفَرُوا وَقِيلَ هَذَا الَّذِي كُنْتُمْ بِهِ تَدَّعُونَ (27) قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِنْ أَهْلَكَنِيَ اللهُ وَمَنْ مَعِيَ أَوْ رَحِمَنَا فَمَنْ يُجِيرُ الْكَافِرِينَ مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ (28) قُلْ هُوَ الرَّحْمَنُ آمَنَّا بِهِ وَعَلَيْهِ تَوَكَّلْنَا فَسَتَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ (29) قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِنْ أَصْبَحَ مَاؤُكُمْ غَوْرًا فَمَنْ يَأْتِيكُمْ بِمَاءٍ مَعِينٍ (30)

## سورة الدخان

## بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

حم (1) وَالْكِتَابِ الْمُبِينِ (2) إِنَّا أَنْزَلْنَاهُ فِي لَيْلَةٍ مُبَارَكَةٍ إِنَّا كُنَّا مُنْذِرِينَ (3) فِيهَا يُفْرَقُ كُلُّ أَمْرٍ حَكِيمٍ (4) أَمْرًا مِنْ عِنْدِنَا إِنَّا كُنَّا مُرْسِلِينَ (5) رَحْمَةً مِنْ رَبِّكَ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ (6) رَبِّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا إِنْ كُنْتُمْ مُوقِنِينَ (7) لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ يُحْيِي وَيُمِيتُ رَبُّكُمْ وَرَبُّ آبَائِكُمُ الْأَوَّلِينَ (8) بَلْ هُمْ فِي شَكٍّ يَلْعَبُونَ (9) فَارْتَقِبْ يَوْمَ تَأْتِي السَّمَاءُ بِدُخَانٍ مُبِينٍ (10) يَغْشَى النَّاسَ هَذَا عَذَابٌ أَلِيمٌ (11) رَبَّنَا اكْشِفْ عَنَّا الْعَذَابَ إِنَّا مُؤْمِنُونَ (12) أَنَّى لَهُمُ الذِّكْرَى وَقَدْ جَاءَهُمْ رَسُولٌ مُبِينٌ (13) ثُمَّ تَوَلَّوْا عَنْهُ وَقَالُوا مُعَلَّمٌ مَجْنُونٌ (14) إِنَّا كَاشِفُوا الْعَذَابِ قَلِيلًا إِنَّكُمْ عَائِدُونَ (15) يَوْمَ نَبْطِشُ الْبَطْشَةَ الْكُبْرَى إِنَّا مُنْتَقِمُونَ (16) وَلَقَدْ فَتَنَّا قَبْلَهُمْ قَوْمَ فِرْعَوْنَ وَجَاءَهُمْ رَسُولٌ كَرِيمٌ (17) أَنْ أَدُّوا إِلَيَّ عِبَادَ اللهِ إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ (18) وَأَنْ لَا تَعْلُوا عَلَى اللهِ إِنِّي آتِيكُمْ بِسُلْطَانٍ مُبِينٍ (19) وَإِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُمْ أَنْ تَرْجُمُونِ (20) وَإِنْ لَمْ تُؤْمِنُوا لِي فَاعْتَزِلُونِ (21) فَدَعَا رَبَّهُ أَنَّ هَؤُلَاءِ قَوْمٌ مُجْرِمُونَ (22) فَأَسْرِ بِعِبَادِي لَيْلًا إِنَّكُمْ مُتَّبَعُونَ (23) وَاتْرُكِ الْبَحْرَ رَهْوًا إِنَّهُمْ جُنْدٌ مُغْرَقُونَ (24) كَمْ تَرَكُوا مِنْ جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ (25) وَزُرُوعٍ وَمَقَامٍ كَرِيمٍ (26) وَنَعْمَةٍ كَانُوا فِيهَا فَاكِهِينَ (27) كَذَلِكَ وَأَوْرَثْنَاهَا قَوْمًا آخَرِينَ (28) فَمَا بَكَتْ عَلَيْهِمُ السَّمَاءُ وَالْأَرْضُ وَمَا كَانُوا مُنْظَرِينَ (29) وَلَقَدْ نَجَّيْنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ مِنَ الْعَذَابِ الْمُهِينِ (30) مِنْ فِرْعَوْنَ إِنَّهُ كَانَ عَالِيًا مِنَ الْمُسْرِفِينَ (31) وَلَقَدِ اخْتَرْنَاهُمْ عَلَى عِلْمٍ عَلَى الْعَالَمِينَ (32) وَآتَيْنَاهُمْ مِنَ الْآيَاتِ مَا فِيهِ بَلَاءٌ مُبِينٌ (33) إِنَّ هَؤُلَاءِ لَيَقُولُونَ (34) إِنْ هِيَ إِلَّا مَوْتَتُنَا الْأُولَى وَمَا نَحْنُ بِمُنْشَرِينَ (35) فَأْتُوا بِآبَائِنَا إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ

(36) أَهُمْ خَيْرٌ أَمْ قَوْمُ تُبَّعٍ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ أَهْلَكْنَاهُمْ إِنَّهُمْ كَانُوا مُجْرِمِينَ (37) وَمَا خَلَقْنَا السَّمَاوَاتِ
وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لَاعِبِينَ (38) مَا خَلَقْنَاهُمَا إِلَّا بِالْحَقِّ وَلَكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ (39) إِنَّ يَوْمَ الْفَصْلِ
مِيقَاتُهُمْ أَجْمَعِينَ (40) يَوْمَ لَا يُغْنِي مَوْلًى عَنْ مَوْلًى شَيْئًا وَلَا هُمْ يُنْصَرُونَ (41) إِلَّا مَنْ رَحِمَ اللهُ إِنَّهُ هُوَ
الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ (42) إِنَّ شَجَرَةَ الزَّقُّومِ (43) طَعَامُ الْأَثِيمِ (44) كَالْمُهْلِ يَغْلِي فِي الْبُطُونِ (45) كَغَلْيِ الْحَمِيمِ
(46) خُذُوهُ فَاعْتِلُوهُ إِلَى سَوَاءِ الْجَحِيمِ (47) ثُمَّ صُبُّوا فَوْقَ رَأْسِهِ مِنْ عَذَابِ الْحَمِيمِ (48) ذُقْ إِنَّكَ أَنْتَ
الْعَزِيزُ الْكَرِيمُ (49) إِنَّ هَذَا مَا كُنْتُمْ بِهِ تَمْتَرُونَ (50) إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي مَقَامٍ أَمِينٍ (51) فِي جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ
(52) يَلْبَسُونَ مِنْ سُنْدُسٍ وَإِسْتَبْرَقٍ مُتَقَابِلِينَ (53) كَذَلِكَ وَزَوَّجْنَاهُمْ بِحُورٍ عِينٍ (54) يَدْعُونَ فِيهَا بِكُلِّ
فَاكِهَةٍ آمِنِينَ (55) لَا يَذُوقُونَ فِيهَا الْمَوْتَ إِلَّا الْمَوْتَةَ الْأُولَى وَوَقَاهُمْ عَذَابَ الْجَحِيمِ (56) فَضْلًا مِنْ رَبِّكَ
ذَلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ (57) فَإِنَّمَا يَسَّرْنَاهُ بِلِسَانِكَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ (58) فَارْتَقِبْ إِنَّهُمْ مُرْتَقِبُونَ (59)

**Везчу Деле доьху вай вешан дахар, далар а Цунна муьтIахь долуш хилийтар, вайн Iамалийн тептар диканца дIакъовлар а!**